Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EFÒ POU FÈ LOJMAN KI EFIKAS NAN ITILIZASYON ENÈJI AVANSE NAN NOUYÒK

Nouvo Pwogram Kay Efikas Nouyòk la pral bay Nouyòkè yo plis kay ki abòdab epi ki gen gwo pèfòmans

Pwogram nan pral soutni konstriksyon rezidansyèl nan chak etap devlopman

Nouvo finansman disponib tou atravè Konpetisyon Bilding Ekselans

Yo bay 10 pwojè finansman pou demontre solisyon ki favorab pou klima e ki kapab repwodui pou bilding plizyè fanmi

Gouvènè Hochul te anonse jodi a yon pwogram pou ofri Nouyòkè yo plis lojman ki abòdab, ki gen gwo pèfòmans, ki pi bon pou sante epi ki efikas nan itilizasyon enèji. Pwogram Nouvo Kay Efikas Nouyòk (New Efficient Homes New York program) ki fèk lanse a, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) administre, se yon seri sèvis ki vize ranfòse sipò Nouyòk pou tout sik lavi pwojè nouvo konstriksyon rezidansyèl yo. Li ede pwopriyetè, devlopè ak ekip konsepsyon yo entegre konsepsyon ki efikas nan itilizasyon enèji epi konpanse depans konstriksyon yo. Pwogram nan gen ladan sipò pou nouvo ponp chalè ak lòt sipò amelyore pou konsepsyon, epi li fè pati ajennda "Kite Yo Bati" (Let Them Build) Gouvènè Hochul la.

"Nouyòk pran angajman pou konstwi lojman nou bezwen yo pandan n ap asire kay alavni yo efikas nan itilizasyon enèji, konfòtab ak abòdab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anons jodi a se yon lòt egzanp sou fason n ap fè ajennda "Kite Yo Bati" a avanse lè nou mete an aplikasyon pwogram ki diminye depans inisyal yo epi ki bay zouti ak resous ki nesesè pou konstwi kay modèn nan kominote yo toupatou nan Eta Nouyòk."

Envestisman 135 milyon dola a gen ladan 100 milyon dola ki disponib kounye a pou soutni nouvo konstriksyon rezidansyèl nan chak etap devlopman atravè Pwogram Nouvo Kay Efikas Nouyòk Eta a. Anplis, yo bay 10 pwojè demonstrasyon plis pase 12 milyon dola pou fè bilding pou plizyè fanmi ki se pi bon nan kategori yo epi ki favorab pou klima a avanse nan tout eta a atravè Konpetisyon Bilding Ekselans lan. Konpetisyon an mete 20 milyon dola nan nouvo finansman an disponib tou.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Pwojè nouvo konstriksyon yo se yon opòtinite pou entegre dènye teknoloji gwo pèfòmans yo ak solisyon pou bilding nan kay nou yo. Avèk gwo sipò Gouvènè Hochul, nouvo seri pwogram rezidansyèl NYSERDA yo soutni pwojè yo depi nan kòmansman rive nan fen — soti nan konsepsyon ak konstriksyon rive nan livrezon, epi yo demontre fason yo kapab konstwi kay toupatou nan Eta Nouyòk pou itilize enèji yon fason pi efikas, amelyore konfò epi pwoteje kont move tan ekstrèm."

Sipò a gen ladan:

Pwogram Nouvo Kay Efikas Nouyòk 75 milyon dola: Ankourajman pou Ponp a Chalè (Heat Pump Incentive)

Pwogram Nouvo Kay Efikas Nouyòk: Pwogram Ankourajman pou Ponp a Chalè a soutni adopsyon ponp a chalè ki itilize lè kòm sous pou klima frèt (air source heat pumps, ASHP) ak ponp a chalè jewotèmik (ground source heat pumps, GSHP) nan nouvo kay pou yon sèl fanmi ak ti kay, ansanm ak nouvo bilding pou plizyè fanmi ki mezire mwens pase 4,645 mèt kare (50,000 pye kare) toupatou nan Eta Nouyòk. Jodi a, gen 75 milyon dola ki disponib pou devlopè ak konstriktè kay, sou baz chak inite lojman, avèk finansman siplemantè pou pwojè ki nan kominote defavorize, jan Gwoup Travay pou Jistis Klimatik la idantifye yo. Pwojè yo chwazi yo dwe elektrifye nèt sistèm chofaj, refwadisman ak vantilasyon (Heating, Cooling and Ventilation, HVAC) yo lè yo enstale ponp a chalè gwo pèfòmans. Pwojè ki gen yon GSHP dwe satisfè egzijans pou elektrifye tout kay la jan sa endike nan demann pwopozisyon an. Kounye a, NYSERDA ap aksepte aplikasyon sou baz enskripsyon ouvè jiska **15 desanm 2029 nan 3:00 p.m. EST**, oswa jiskaske tout fon yo angaje. N ap jwenn plis enfòmasyon isit la.

Finansman pou pwogram sa a fèt atravè Inisyativ Rejyonal sou Gaz ki Lakòz Efè Tèmik (Regional Greenhouse Gas Initiative).

Pwogram Nouvo Kay Efikas Nouyòk 25 milyon dola: Sipò Amelyore pou Konsepsyon

Pwogram Nouvo Kay Efikas Nouyòk: Sipò Amelyore pou Konsepsyon (Enhanced Design Support program) NYSERDA a bay finansman pou sipò fleksib nan konsepsyon ak aktivite planifikasyon, tankou fòmasyon ak resous, pou nouvo konstriksyon rezidansyèl, reyabilitasyon konplè enteryè oswa pwojè reyitilizasyon adapte toupatou nan eta a. Jodi a, gen 25 milyon dola ki disponib pou konstriktè kay, devlopè ak konpayi konsepsyon pou kay pou yon sèl fanmi ak ti kay, ansanm ak konpayi achitekti ak jeni pou pwojè bilding pou plizyè fanmi. Gen ankourajman ki disponib sou baz chak inite lojman pou kay pou yon sèl fanmi ak ti kay, epi sou baz yon alokasyon pou chak mèt kare pou bilding pou plizyè fanmi. Pwojè k ap patisipe yo dwe elektrifye sistèm HVAC yo nèt epi yo dwe nan premye faz konsepsyon devlopman pwojè a.

Kounye a, NYSERDA ap aksepte aplikasyon sou baz enskripsyon ouvè jiska **15 desanm 2029 nan 3:00 p.m. EST**, oswa jiskaske tout fon yo angaje. N ap jwenn plis enfòmasyon isit la.

Finansman pou òf sa a soti nan Inisyativ Rejyonal pou Gaz ki Lakòz Efè Tèmik (Regional Greenhouse Gas Initiative) ak Òdonans 2025 Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission) Eta Nouyòk sou Efikasite Enèjetik ak Elektrifikasyon Bilding (Energy Efficiency and Building Electrification, EEBE), ki finanse pwogram devlopman mache nan tout eta a soti 2026 rive 2030. Finansman EEBE pou pwogram sa a pral sèvi sèlman pou gwo bilding abòdab kote omwen 25% inite yo se pou kay ki gen revni ki egal oswa pi ba pase 80% Revni Medyan Zòn (Area Median Income, AMI) nan.

Konpetisyon Bilding Ekselans ki gen Plis Pase 30 Milyon Dola

Jodi a, NYSERDA bay 10 pwojè pou plizyè fanmi plis pase 12 milyon dola pou fè bilding pou plizyè fanmi ki se pi bon nan kategori yo epi ki efikas nan itilizasyon enèji avanse nan Nouyòk atravè Konpetisyon Bilding Ekselans (Buildings of Excellence, BOE). Yo te lanse konpetisyon sa a an 2019 pou rekonèt ak rekonpanse konsepsyon, konstriksyon ak operasyon bilding pou plizyè fanmi ki rezilyan, ki favorab pou klima a epi ki pi bon pou sante rezidan yo ak kominote yo.

Pwen esansyèl nan pwojè demonstrasyon ki jwenn finansman gen ladan yo jodi a:

- **Lojman Abòdab:** Uit nan bilding yo pral sèvi kliyan ki gen revni fèb oswa modere; sis ladan yo pral nan kominote defavorize.
- **Zewo Emisyon:** Tout pwojè ki resevwa finansman yo gen zewo emisyon, sa vle di pa gen okenn konbisyon gaz fosil sou sit la pou operasyon chak jou.
- **Estanda Kay Pasif:** Uit nan pwojè yo angaje pou yo se estanda Kay Pasif (Passive House), sa vle di konsepsyon ak konstriksyon an pral fèt nan estanda ki trè efikas nan enèji, pandan l ap atenn gwo nivo konfò, sante ak rezilyans pou okipan yo nan bilding lan.
- **Enklizyon Enèji Solè:** Tout pwojè yo entegre pwodiksyon enèji solè, epi twa ladan yo gen sistèm estokaj enèji.
- **Prim Riban Ble pou Ekselans nan Konsepsyon:** Yon jiri pwofesyonèl ki gen renome te rekonèt twa pwojè pou ekselans jeneral nan konsepsyon yo, tankou entegrasyon mezi pou ekonomize enèji ak mezi rezilyans nan objektif jeneral konsepsyon yo.

Pwojè ki resevwa finansman nan Konpetisyon BOE 2026 la gen ladan:

Sant Nouyòk: 2.4 milyon dola, 2 pwojè

- Polaris: Ithaca Neighborhood Housing Services, Inc. ak Sustainable Comfort, Inc. – Auburn, NY*

- Syracuse Bread Factory: Syracuse Bread Factory LLC ak Ashley McGraw Architects – Syracuse, NY**

Vil Nouyòk: 9.7 milyon dola, 8 pwojè

- 153 Nevins: Fifth Avenue Committee, Inc. ak Ettinger Engineering Associates – Brooklyn, NY*
- 1931 Lafayette - North Tower: Strada Development LLC ak Gilbane Development Company – Bronx, NY**
- Arverne East - Bilding I: The Bluestone Organization, MEGA Contracting Group ak Ettinger Engineering Associates – Far Rockaway, NY
- Bergen Green: 516 Bergen Apex Building Group, Bridge Street Development Corporation ak DAMORE STUDIO – Brooklyn, NY
- Hillside - Bilding Nò: Mural Real Estate Partners ak Ettinger Engineering Associates – Queens, NY
- Hillside Grove I: Hillside Grove Families LLC, Volunteers of America - Greater New York, Spatial Equity Co ak Purpose by Design Architects PLLC – Staten Island, NY**
- Pwojè ipHaus 722 Lafayette Gateway: Innovate Prefabricate – Bedford-Stuyvesant, Brooklyn, NY
- JASA – Far Rockaway: JASA Corporation ak Curtis+Ginsberg Architects – Far Rockaway, NY

**Pwojè a se yon pwojè gayan Bilding Ekselans ki nan yon kominote defavorize.*

***Pwojè a se yon pwojè gayan Bilding Ekselans ak yon gayan Prim Riban Ble pou Ekselans nan Konsepsyon, epi li nan yon kominote defavorize.*

Sou baz prim BOE yo, jodi a NYSERDA mete yon lòt 20 milyon dola disponib atravè pwochen seri Konpetisyon BOE a, epi moun k ap aplike pou pwojè yo kapab resevwa jiska 1.5 milyon dola nan finansman. Dènye seri finansman sa a akeyi aplikasyon pou nouvo pwojè konstriksyon pou plizyè fanmi ki itilize anvlòp bilding gwo pèfòmans, ki soutni transfòmasyon espas enstitisyonèl, biwo oswa komèsyal an lojman, epi ki demontre rediksyon pri nan bilding ki wo. Yo ka bay pwojè ki nan kominote defavorize oswa ki pral nan kominote sa yo yon konsiderasyon espesyal. BOE òganize yon fason pou bay priyorite ak finansman pou pwojè ki itilize teknoloji inovatè ki diminye itilizasyon enèji nan lè demann lan pi wo, ki itilize refrijeran ki gen mwens enpak sou anviwònman an epi ki rezilyan fas ak danje klimatik tankou inondasyon ak chalè ekstrèm. Pwojè ki itilize sistèm GSHP pou kontwole tanperati espas yo pral kapab jwenn yon nivo finansman ki pi wo.

Yo pral aksepte pwopozisyon jiska **20 janvye 2027 a 3:00 p.m.** Pou jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite finansman sa a, tanpri ale sou sitwèb NYSERDA isit la.

Anons sa yo baze sou siksè Konpetisyon BOE NYSERDA a, ki bay yon total 88 pwojè dènye kri pou nouvo konstriksyon ak renovasyon konplè bilding yo, epi 52 ladan yo nan

kominote defavorize. Prèske twa ka nan gayan Konpetisyon BOE anvan yo sèvi mache lojman abòdab yo. Pou jwenn lis konplè tout pwojè ki resevwa finansman BOE yo, tanpri ale sou sitwèb NYSERDA a.

Finansman pou BOE atravè Fon Enèji Pwòp ak Inisyativ Rejyonal sou Gaz ki Lakòz Efè Tèmik.

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta Nouyòk la, Rory Christian, te deklare, "Envesti nan konsepsyon ak konstriksyon lojman avèk teknoloji modèn, ki rantab epi ki efikas nan itilizasyon enèji pral ogmante aksè Nouyòkè yo nan kay ki bon pou sante, an sekirite ak konfòtab. Lè nou bay mache a sipò, sa ede devlope zouti ak resous ki esansyèl pou jere itilizasyon enèji nan kay la — sa ede non sèlman abòde kapasite pou peye enèji, men tou rezilyans ak fyabilite pou mèt kay la ak sistèm elektrik la."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann konstwi plis lojman ak konstwi pi entèlijan se bagay ki mache ansanm. Pwogram Nouvo Kay Efikas Nouyòk la pral bay devlopè yo resous ak sipò yo bezwen pou entegre sistèm gwo pèfòmans ki efikas nan itilizasyon enèji depi nan premye etap yon pwojè, sa k ap ede diminye depans pandan y ap kreye kay ki pi bon pou sante ak pi konfòtab pou Nouyòkè yo. Ansanm ak siksè kontinyèl Konpetisyon Bilding Ekselans lan, envestisman sa yo pral ede nou ogmante kantite lojman ki disponib, fè pratik konstriksyon inovatè avanse epi ofri kominote toupatou nan Nouyòk kay modèn ak dirab yo bezwen."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Nouyòkè yo merite lojman yo kapab peye pou yo viv ladan, pa sèlman lojman yo kapab peye pou yo antre ladan. Envestisman sa a ede nou konstwi pi entèlijan lè li fè efikasite enèjetik ak depans sèvis piblik ki pi ba vin fè pati kalkil lojman an depi premye jou a. Si nou vrèman pran kapasite pou peye a oserye, nou dwe konstwi plis lojman, diminye depans enèji epi asire nou pa kite fanmi k ap travay yo dèyè."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Abòde bezwen esansyèl Eta Nouyòk pou plis lojman avèk gwo ankourajman pou asire konstriksyon ki efikas nan itilizasyon enèji se yon fason entèlijan pou ede nou abòde de priyorite enpòtan nan tout eta a. Epi pandan pri petwòl yo kontinye monte rapidman, anons sa a pa t kapab vini nan yon pi bon moman. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan idantifye bezwen pou rankontre Nouyòkè yo kote yo ye a epi mete finansman sa a disponib."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Pwomès yon Nouyòk ki pi vèt ak pi dirab pa lwen tounen yon reyalite. Avèk nouvo seri pwogram NYSERDA finanse yo, devlopè yo pral resevwa konsèy ekspè sou konsepsyon ak konstriksyon, ansanm ak ponp a chalè ak lòt zouti pou konstwi lojman modèn, abòdab epi ki efikas nan itilizasyon enèji pou Nouyòkè yo. Mwen kontan dèske Gouvènè Hochul, an kolaborasyon ak Lejislati Eta a, ap travay pou bay zouti ak resous ki nesesè pou konstwi plis lojman ki bon pou anviwònman an toupatou nan eta a. Mwen espere defann plis finansman pou apwòch sa a nan bidjè ane pwochèn nan."

Senatè Patricia Fahy te deklare, "Plis Nouyòk rann konstriksyon lojman bon mache, se plis n ap konstwi nouvo kay ak inite rapid, epi se pi vit n ap konstwi ase pou soti nan kriz lojman aktyèl la. Pandan n ap chèche ogmante kantite inite lojman yo, sitou nouvo inite yo, ankouraje devlopè ak mèt kay yo pou yo mete amelyorasyon ki pi bon mache epi ki efikas nan itilizasyon enèji pral ede akselere konstriksyon nouvo lojman epi mete nouvo inite sou mache a. Diminye depandans nou sou gaz fosil ak demann sou rezo enèji a ede soulaje depans sèvis piblik k ap ogmante, pandan li bay devlopè yo zouti yo bezwen pou akselere konstriksyon. Se egzakteman fason nou abòde kriz lojman an yon fason konplè isit la nan Rejyon Kapital la ak pi lwen toujou. Mèsi Gouvènè Hochul ak NYSERDA dèske yo travay avèk lidè ak travayè nan endistri nou an pou anonse nouvo pwogram inovatè sa a."

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Nouyòk bezwen plis lojman moun kapab peye, epi nou dwe reflechi tou sou sa kay sa yo pral koute fanmi yo nan ane k ap vini yo. Envestisman nan efikasite enèjetik kapab ede diminye bòdwo chak mwa, fè kay yo pi konfòtab epi soutni konstriksyon plis lojman abòdab isit la menm nan kominote nou yo. Sa konsène konstwi pou lavni epi ede fanmi yo kenbe plis nan sa yo touche. Lè nou envesti nan lojman epi diminye depans chak jou, nou kapab ranfòse kominote nou yo epi fè Nouyòk vin yon pi bon kote pou viv, travay ak leve yon fanmi."

Direktè Egzekitif American Institute of Architects New York (AIA New York), Jesse Lazar, Assoc. AIA, te deklare, "AIA New York fyè pou l soutni efò ki rann lojman gwo pèfòmans ki bon pou sante pi fasil pou reyalize yo toupatou nan Eta Nouyòk. Lè Pwogram Nouvo Kay Efikas Nouyòk la soutni konsepsyon ak konstriksyon ki efikas nan itilizasyon enèji nan chak etap devlopman, li kapab ede achitèk, pwopriyetè ak devlopè yo kreye lojman ki pi rezilyan, dirab ak abòdab. Nou kontan wè travay sa a baze sou siksè Konpetisyon Bilding Ekselans lan epi demontre fason yon konsepsyon byen reflechi kapab ede abòde ni objektif klimatik nou yo ni bezwen ijan pou bon jan kalite lojman."

Fondatè Passive House Accelerator, Michael Ingui, te deklare, "Pwogram sa yo ede fè lojman gwo pèfòmans pase soti nan yon bagay espesyal pou vin tou senpleman fason nou konstwi, pandan yo asire bilding yo bèl, bon pou sante, konfòtab epi itilize bokou mwens enèji. NYSERDA te jwe yon gwo wòl nan ede ekip yo eseye nouvo lide, pwouve sa ki mache epi pataje leson sa yo ak endistri a. Chak pwojè ki reyisi fè pwochen an vin yon ti jan pi fasil."

Direktè Egzekitif Architectural League of New York, Jacob Moore, te deklare, "Nan anviwònman jodi a kote sipò federal ap diminye epi atansyon piblik la distrè, travay NYSERDA pou ankouraje epi mete aksan sou efò anbisye konseptè ak devlopè yo pou kreye yon avni ki pi rezilyan, ki gen mwens kabòn pou Nouyòkè yo gen yon valè ki vrèman san parèy. Architectural League rete fyè pou l travay avèk NYSERDA pou l fè bon jan kalite konsepsyon an jeneral—ki gen ladan relasyon entegral ak sit konstriksyon; koneksyon solid ak byen kominote yo, ki gen ladan transpò piblik; epi konsantre sou sante, konfò, ak plezi estetik—yon konsantrasyon esansyèl nan pwojè

Bilding Ekselans yo, epi kontan anpil pou yo travay ak yo pi plis pou ankouraje wòl vital sa a pou sektè piblik la."

Ajennda CHARGE
Ajennda Ekspansyon Rezo Elektrik Pwòp, Trè Abòdab ak Fyab (Clean, Highly Affordable, Reliable Grid Expansion, CHARGE) la se yon plan konplè pou kenbe kouran an limen ak depans yo ba pou Nouyòkè yo pandan l ap reyalize yon rezo elektrik fyab ki pa pwodui emisyon. Estrateji ki gen senk pati a konsantre sou diminye depans konsomatè yo, rann konpayi enèji yo responsab, devlope enèji pwòp sou gwo echèl, modènize ansyen rezo elektrik eta a epi devlope yon ekonomi pwòp avèk travay ki pèmèt moun okipe fanmi yo. Atravè inisyativ odasye tankou Plan Pwoteksyon Kliyan ki Peye Tarif yo, devlopman istorik nan sistèm transmisyon an ak yon nouvo "Kolòn Vètebral Nikleyè" 8.4 jigawat, ajennda CHARGE la asire yon avni enèjetik ki abòdab, rezilyan epi endepandan, ki bay kliyan òdinè ki peye sèvis piblik yo priyorite pandan l ap konstwi yon Nouyòk ki pi pwòp ak pi dirab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.